लड़कन खातिर बाइबिल प्रस्तुति
प्रस्तुतकर्ता

# यहोशू क उत्तरदायित्व सम्हारल



लेखक: Edward Hughes

ब्याख्याकर: Janie Forest

अनुकूलित: Ruth Klassen

अनुवादक: सुरेश मसीह

उत्पादित: Bible for Children
www.M1914.org

©2017 Bible for Children, Inc.
अनुज्ञापत्र: आप ए कहानीन क छाया प्रति मुद्रण करा सकीं ला बशर्ते की आप ओके बेचब ना।

मूसा मर गइल रहलन। यहोशू के ई मालूम रहे की परमेश्वर इस्राएलियन क नेतृत्व करे खातिर उनके चुनलें हउवन। अपनी सेना के तैयार कइला से पहिले यहोशू के, खुद के तैयार करे के जरूरत रहल।



परमेश्वर यहोशू से वादा
कइलन की यदि लोग
हमेशा उनकी वचन क
पालन करिहें तबे वाचा
की देश में यहोशू
के सफलता,
समृद्धि अउर
जीत हासिल
होई।



इस्राएली लोग यहोशू अउर परमेश्वर की वचन क हमेशा पालन कइला क आश्वासन दिहलें।



बुद्धिमानी से, नायाँ नेता यरीहो की महान शहर की गढ़ क अध्ययन करे खातिर कनान में जासूसन के भेजलन। इस्राएल क पहिली लड़ाई लड़े जाये वाली रहल।



केहु यरीहो की राजा के बतावल की शहर में जासूस आइल हउवन। उ अपनी सैनिकन के ओ लोग के खोजे खातिर भेजलन। राहाब की घर में पुरुषन क खोज जारी भइल, जहां उ रूकल रहलें।



सैनिक ओकरी दरवाजा के बुरी तरह से पीटलें। राहाब जल्दी से ओ पुरुषन के कुछ पटुअन की नीचे छिपा दिहली।

जब सैनिक चल गोइलन तब राहाब लाल रंग की डोरी की मदद से पुरुषन के शहर की दीवार से बाहर सुरक्षित नीचे उतार दिहली। उ जासूसन क मदद काहें करत रहली?



काँहे से कि उ जानत रहली कि परमेश्वर ओ लोगन की साथ रहलन। उ चाहत रहली की परमेश्वर उनकरी जीवन के बचा लेंव। जासूस लोग राहाब से वादा कइलन की उ लोग उनके अउर उनकी परिवार के बचा लीहन जा।



यरीहो में पहुंचला से पहिले, इस्राएलियन के वाचा की देश कनान की यरदन नदी के पार करे के रहे। लेकिन उहाँ कवनो पुल ना रहल!



परमेश्वर यहोशू से कहलें, याजक सैनिकन क नेतृत्व करें अउर लोग वाचा क सन्दूक ढ़ोवें जे में दस आज्ञा क समायोजन रहल। जब याजकन क पैर नदी की किनारे के छुवलस, परमेश्वर एगो चमत्कार कइलन। परमेश्वर पानी की बीच से एगो सूखल रास्ता बना दिहलन।



सब लोग सुरक्षित पार कइला की बाद, उ लोग नदी में बारह बड़े बड़े पत्थर रखलें अउर कनान नदी की तट पर अउर बारह बड़ पत्थरन के रखलें। ई उनकी लइकन के परमेश्वर की महान शक्ति अउर प्रेम की बारे में सीखवला की खातिर याद दियावे में मददगार होखे वाला रहल।





यरीहो मजबूत, मोट दीवारन मे से एगो रहल। जइसे ही यहोशू, अपनी हमला क योजना बनवलन; ...



... परमेश्वर उनकरी सेना की कप्तान के स्वर्ग से इस्राएल की नाया नेता के याद दियावे खातिर भेजलें कि परमेश्वर, अपनी लोगन की खातिर लड़ाई जीतीहन।



परमेश्वर
यहोशू
के
यरीहो
पर हमला करे के सिखवलन। इ एगो बहुत ही अजीब योजना रहल। परमेश्वर की लोगन के छः दिन तक शहर की चारों ओर दिन में एक बार चारो तरफ चक्कर लगावे के रहल अउर सातवा दिन के सात बार।



तब उन लोगन के, तुरही फूँके के अउर चिल्लाये के रहल। अउर तब शहर क दीवार नीव से नीचे गिर जायी!

यहोशू अउर उनकर सेना
वइसने कइलें जइसन परमेश्वर
ओ लोगन के आज्ञा दिहले रहलन।

7

शायद यरीहो नगर क
लोग उन पर हंसले
होइहन।





लेकिन, सातवा दिन की सातवा चक्कर की
बाद याजक लोग जब मेढ़ा के सींग
(*तुरही*) के बजवलें, तब परमेश्वर
जइसन वादा कइले रहलन,
वइसन भईल ... यरीहो
क महान दीवार
टूट के गिरे
लागल!









ओ दीवारन में खाली
राहाब क घर सुरक्षित रहल।
उ अपनी खिड़की से लाल
रंग क डोरी लटका के
छोड़ दिहले रहली।


जल्दी से, यहोशू अउर पुरुष
लोग राहाब अउर उनकरा परिवार
वालन के बचा लिहलें।
परमेश्वर की आज्ञा की
अनुसार यरीहो, नष्ट हो गोइल।



सत्यनिष्ठा से,

यहोशू, यरीहो की सोना, चांदी अउर खजाना के परमेश्वर की सेवा खातिर समर्पित कर दिहलन। फिर उ ओ दुष्ट शहर क पुनर्निर्माण करे वाला पर भी एगो अभिशाप रख दिहलन।



जल्दी ही कनान में सब
लोगन के ई पता चल गइल की
यहोशू यरीहो के कइसे हरवले हउवन।
उ सब जान गोइलन की परमेश्वर
ओ लोगन की संगे बाड़न।

# यहोशू क उत्तरदायित्व सम्हारल

पबितर बाइबिल, परमेश्वर की वचन में से
ई कहानी लीहल गइल बा

यहोशू 1-6

"तोहरी बातन की खुलला से उजियार होला"
भजन संहिता 119:130

# समापन

बाइबल क इ कहानी हमनी के अपनी ओ अद्भूत परमेश्वर की बारे में बतावे ले, जे हमनी के बनवले हउवन अउर उ चाहत बाड़न कि हमनी क उनके जानी जा।

परमेश्वर जानत बाड़न कि हमनी क अइसन गुनाह कइले बनी जा जेकरा के उ पाप कहेलें। पाप क सजा मौत हअ, लेकिन परमेश्वर आपसे एतना परेम कइलन कि उ आपन एकलौता बेटा यीशु के ए दुनिया में भेजनल ताकि उ सूली पर चढ़ के हमनी की पापन क सजा भुगतें। यीशु मूवला की बाद फिर से जिन्दा हो गइलन अउर स्वर्ग में अपनी घरे चल गइलन यदि आप यीशु में विश्वास करअब अउर अपनी उनसे अपनी पापन के क्षमा मांगअब तअ उ आपकी प्रार्थना के सुनिहन उ आके आपकी अन्दर बसिहन अउर आप हमेशा खातिर उनकी संगे बनल रहअब।

यदि आपके विस्वास बा कि इ
सब कुछ सच हअ तब आप परमेश्वर से कहीं:
हे प्रिय यीशु, हमके विश्वास बा कि आप ही परमेश्वर हँई
अउर हमरी पापन की कारन आप मानुष रूप में अवतार
लिहनी, मर गइलीं अउर दुबारा जी उठलीं अउर अब जीयत
बानी। कृपा करके हमरी जिंदगी में आयीं अउर हमरी पाप
के क्षमा करीं ताकि हमके नाया जीवन मिल सके, अउर
एक दिन हम आपकी संगे हमेशा रहे खातिर आ सकीं।
आप मदद करीं कि हम पापकी बेटा की तरह रहीं
अउर आज्ञा पालन कर सकीं। आमीन।

परमेश्वर से रोज बात करे खातिर
बाइबल पढ़ीं! यूहन्ना 3:16